



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE MOUN NEW YORK POU YO PREPARE YO POU ANPIL NÈJ, VÈGLAS, AK VAN PANDAN JOUNEN LENDI A

*Pousantaj nèj k ap tonbe jiska twa pou alè pafwa kote kantite akimilasyon nèj  
ap rive jiska 18 pouz otatal nan Rejyon Lwès New York*

*N ap fèmen tout lokal pou fè tès ak pran vaksen Eta a yo ki sitiye onò Konte  
Rockland akòz move tan an*

*Melanj nèj, vèglas, lapli ak van pral lakòz kondisyon deplasman yo difisil, ka  
menm gen pàn kouran*

*Gouvènè a ap konseye pou moun pa fè okenn deplasman ki pa nesesè dimanch  
swa ak lendi nan rejyon ki afekte yo*

*Avètisman pou inondasyon kotyè anvigè tou pou Vil New York, Long Island ak  
Sid Westchester rive lendi*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare yo pou move tan ivènal yo prevwa k ap pote anpil nèj nan kèk zòn ak yon melanj vèglas ak lapli nan lòt zòn yo kòmanse dimanch nan lasware epi kontinye rive lendi aprèmidi. Pousantaj nèj k ap tonbe ka rive jiska twa pouz alè pafwa kote kantite akimilasyon nèj ap rive jiska 18 pouz oswa plis otatal nan Rejyon Lwès New York, Finger Lakes ak North Country. Lòt rejyon yo pral wè swa anpil nèj oswa yon melanj nèj, vèglas ak lapli. Yo prevwa van yo ap gen gwo rafal wo nan nivo 45 mph k ap lakòz van soufle ak voye nèj yo toupatou pandan evènman move tan an, epi melanj eleman sa yo pral lakòz kondisyon deplasman yo difisil ak chans pou gen pàn kouran. Akòz move tan an, n ap fèmen tout lokal pou fè tès ak pran vaksen kont COVID-19 Eta a yo ki sitiye onò Konte Rockland. Moun ki gen randevou yo ap resevwa yon avi anilasyon ak enfòmasyon sou kòman pou yo repwograme randevou yo a.

"New York prè pou l sibi anba youn nan pi gwo tanpèt jiskaprezan nan sezon ivè sa a epi ekip nou yo deplwaye an fòs pou yo prepare wout nou yo epi mete resous esansyèl yo an plas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Etandone tanperati glasyal yo ap pèsiste epi previzyon yo anonse anpil nèj, m ap ankouraje tout New York pou n prete anpil atansyon a previzyon meteyo lokal yo epi evite fè deplasman ki pa nesesè pandan tout dire tanpèt la."

Yo prevwa nèj ap kòmanse tonbe dimanch nan lasware, travèse eta a soti sid al onò kote plis nèj pral tonbe pandan lannwit rive bonè nan maten. Soti ta nan dimanch rive bonè lendi, kèk nan zòn yo ka wè yon melanj ivènal k ap gen nèj, vèglas, ak lapli, epi apresa I ap chanje vin nèj nan lendi maten. Kantite akimilasyon nèj yo ap soti ant 6-20" otatal epi li posib pou gen akimilasyon vèglas jiska yon dizyèm pouz nan rejyon nò eta a yo.

**Komisè pa Enterim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray te deklare**, "Nouyòkè yo ta dwe prete anpil atansyon a previzyon meteyo lokal yo pandan 24 èdtan k ap vini la yo epi prepare pou kondisyon deplasman danjere yo nan rejyon nò eta a lendi. Biwo Jesyon Ijans ak ajans patnè Eta nou yo pral angaje nèt pandan fèt la pou asire nou gen resous apwopriye yo pou reponn a tanpèt sa a epi nou prè pou n ede gouvènman lokal yo, jan sa nesesè."

Avètisman ak avi pou Tanpèt Ivènal aktyèlman anvigè toupatou nan Eta a jiska lendi swa pou plizyè konte nan Rejyon Lwès NY, Finger Lakes, Central NY, Southern Tier, North Country, Mohawk Valley, Capital District, ak Mid-Hudson Avètisman pou inondasyon kotyè anvigè pou Vil New York, Long Island ak Sid Konte Westchester rive lendi.

Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasional \(National Weather Service\) la](#).

## Preparasyon Ajans yo

### Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Dijans (Emergency Operations Center) Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la aktive epi I ap kontwole kondisyon yo deprè, kowòdone operasyon entèvansyon yo, epi rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Estòk Eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bëso, lenn ak dlo nan boutèy.

### Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta a prè pou li reponn a evènman tanpèt nèj ak vèglas sa a avèk plis pase 3,400 sipèvizè ak operatè toupatou nan Eta a.

Pou soutni aktivite entèvansyon kont nèj ak vèglas nan zòn kritik yo, yo te deplwaye 19 anplwaye otatal, ki gen ladan 15 operatè kamyon chasnèj ak 4 instriktè operatè ekipman. Yo te distribiye yo konsa:

- Mohawk Valley: Ap resevwa 4 operatè chasnèj ak 2 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Long Island

- Rejyon Lwès NY: Ap resevwa 7 operatè chasnèj ak 2 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Long Island
- Finger Lakes: Ap resevwa 4 operatè chasnèj ki soti nan Long Island

Tout resous k ap soti nan lòt rejyon yo ap an plas dimanch aprèmidi avan presipitasyon an kòmanse. Y ap reyevalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an.

Tout lokal rezidansyèl yo pral kontinye gen anplwaye sou plas pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorité yo. Yo deplwaye tout ekipman ki disponib pou nèj ak vèglas. Flòt mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lokal rezidans prensipal yo 24/24, 7/7 pou fè reparasyon ak antretyen nan kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1602 gwo kamyon chasnèj
- 150 chasnèj mwayen
- 51 remòk chasnèj
- 323 gwo chajè
- 39 aparèy pou soufle nèj

Yo pral itilize sèvis remokaj nan kote ki annapre la yo: NY 5 (Erie), I-390 (Steuben), I-86 (Chemung), I-86 (Steuben), I-99 (Steuben), I-390 (Monroe), I-490 (Monroe), US 20 (Madison), I-81 (Broome), I-88 (Broome), NY 17 (Broome), NY 17 (Sullivan), I-88 (Schroon), NY 209 (Delaware), I-84 (Dutchess), I-84 (Orange), I-684 (Dutchess), I-81 (Onondaga), Hutchinson River Parkway, Cross County Parkway, Saw Mill River Parkway, Sprain Brook State Parkway, ak Taconic State Parkway. Nou pral reyevalye bezwen pou plis sèvis remokaj a mezi evènman an ap dewoule.

## Otorite Thruway

Tout Seksyon Antretyen Otorite Thruway a pral gen anplwaye sou plas 24/24, 7/7 pandan tout dire tanpèt la epi kèk Sant Operasyon Rejyonal nou chwazi pral gen anplwaye k ap siveye kondisyon wout yo ak redeplwaye resous jan sa nesesè. Thruway la gen 681 sipèvizè ak operatè ki prè pou entèvni avèk 248 gwo chasnèj, 116 chasnèj mwayen ak 10 chasnèj remòk ak 66 chajè toupatou nan eta a ak plis pase 118,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSAlert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [la](#).

## Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal

Ofisyè Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèvansyon ijans.

Pou asire tout moun jwi eksperyans sezon fredi a an tout sekirite, [DEC konseye nenpòt moun k ap chèche rekreyasyon anplennè pou yo planifye alavans epi prepare rad ak ekipman ki apwopriye pou nèj, vèglas, ak fredi.](#)

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo dwe tcheke [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Sèvis piblik New York genyen apeprè 7,000 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi y ap asire peryòd travay sèvis piblik yo gen pèsonèl ki apwopriye ak rejyon yo prevwa ki pi afekte yo.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye mamm Patwouy anplis, jan sa nesesè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout machin katpakan ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a yo, ki gen ladan motonèj ak veyikil itilitè tout tèren yo, anplas ak prè pou entèvansyon imedyat, epi yo te teste tout ekipman pou kouran ak komunikasyon ijans yo.

### **Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA)/Canal Corporation**

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo ap fè preparasyon pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prè pou soutni aktivite reparasyon pàn kouran yo si sa nesesè.

### **Otorite Transpò Metwopoliten (MTA)**

MTA ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo ap prè pou simaye sèl, netwaye platfòm ak eskalye kote ki gen vèglas yo, epi asire siyal, entèriptè, ak twazyèm ray yo ap fonksyone.

Otorite Pon ak Tinèl MTA a ap mete yon entèdikasyon pasiv an plas kont traktè remòk vid yo ak kamyon tandèm yo (piggyback, dual, triple, elatriye) soti dimanch 16 janvye 7:00 p.m. rive lendi 17 janvye 11:00 a.m. Y ap fèmen pasaj pyeton yo ki sou Pon Cross Bay ak Marine Parkway nan moman sa a tou. Pasaj pyeton ki sou Pon Robert F. Kennedy ak Henry Hudson yo pral rete ouvè, si tan pèmèt sa a. Epitou, y ap konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon lè y ap kondi sou wout ki gen vèglas yo epi kondi nan vitès ralanti.

Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navege sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: Orè MYmta, Tren Long Island Rail Road ak Tren Metro-North.

### Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

### Lòt konsèy sekirite

#### Jeli (Frostbite)

- Pou evite pran fredi oubyen jele, rete andedan pandan gwo fredi a.
- Si ou bezwen soti, eseye kouvri tout kò ou nèt: zòrèy, nen, zòtèy ak dwèt ou yo, elatriye. Pito w itilize mouf (mitenn), yo pi bon pase gan yo. Kenbe po w sèch epi evite rete anba van lè sa posib.
- Bwè anpil likid paske idratasyon an ogmante volim san an, sa ki ede anpeche jeli. Evite kafeyin, alkòl, ak sigarèt - kafeyin sere vesò sangen yo epi li anpeche san chofe ekstremite yo, alkòl redui frison, sa ki ede kenbe w cho, epi sigarèt koupe sikilasyon san ki pou al nan men w yo.
- Si w ta sispek ou pran jeli, pandan w ap tann pou antre anndan an, pa fwote oswa mase pati kò w ki frèt yo. Bwè likid cho. Mete plizyè kouch rad anplis, ti dra epè. Retire bag, mont, ak nenpòt bagay ki sere.
- Lè w rive anndan, pa mache sou yon pye apre li gen jeli - sa ka andomaje pye a. Pran yon beny tyèd (PA cho), epi vlope figi w ak zòrèy ou nan yon sèvyèt ki mouye ak dlo tyèd, (PA cho).
- Pa ale toupre yon fou ki cho oswa aparèy chofaj oswa pa itilize yon kousen chofan, boutèy dlo cho, oswa yon sechwa. Ou ka boule tèt ou anvan ou vin gen kapasite pou w santi chalè a.
- Po ki gen jeli pral vin wouj epi anfle epi w ap santi se kòmsi l ap pran dife. Ou ka devlope bouton. Pa pete bouton yo. Sa ka lakòz sikatris.
- Si po ou vin tou ble oswa gri, li anfle anpil, gen ti anpoul oswa ou santi li di ak angoudi menm anba sifas po a, ale lopital touswit.

#### Ipotèmi

- Rete nan tanperati ki frèt pandan anpil tan lakoz l'potèmi, sitou timoun ak granmoun aje.
- Veye si gen sentòm sa yo: pa kapab konsantre, fèb kowòdinasyon, lang lou, tèt vire, gwo fatig, ak/oswa frison enkontwolab, epi apresa frison an sispann britsoukou.
- Si tanperati kò yon moun bese pi ba pase 95 degré Fahrenheit, chèche èd medikal ijans touswit.
- Retire rad mouye sou li, vlope viktim lan nan yon ti dra epè ki cho, epi ba l likid ki pa gen alkòl, ni kafeyin jiskaske èd la rive.

### **Pwoteje tiyo dlo yo**

Pou evite dega ak agrave eta tiyo dlo ki konjle yo, pwoteje kay ou, apatman oswa biznis ou lè w swiv mezi senp ki annapre la yo.

- Lè l fè frèt, kite dlo cho ak dlo frèt koule nan yon wobinè nan yon mi deyò a pandan lannwit. Ouvri pòt amwa yo pou pèmèt chalè soti nan tiyo ki pa izole anba yon lavabo oubyen yon aparèy toupre yon mi ki deyò. Asire ou kite chofaj la epi pa fikse l pi ba pase 55 degré.
- Si w p ap la, fè yon moun tcheke kay ou a chak jou pou asire sistèm chofaj la toujou ap mache pou anpeche konjelasyon, oswa retire tout dlo nèt epi fèmen sistèm dlo yo (eksepte sistèm estenktè entèn yo).
- Si tiyo yo konjle, asire ou menm ak fanmi ou konnen kijan pou n fèmen dlo a, nan ka tiyo yo eklate. Si ou fè dlo a sispann koule, sa ap diminye domaj yo nèt nan kay ou.
- Pa janm eseye dekonjle yon tiyo ak yon flanm dife oubyen yon tòch.
- Toujou fè atansyon paske ka gen chòk elektrik ozalantou ma dlo yo.
- Rele yon plonbye epi kontakte ajan asirans ou an.

### **Pwoteje "tèt ou kont dife"**

Ekipman chofaj fè pati premye koz ensandi nan kay onivo nasyonal ak nan Eta New York. Pran kèk prekosyon byen senp pou w redui anpil, chans pou gen yon ensandi ki lye ak chofaj. Menm si ou pran anpil prekosyon ak chofaj kay, ou menm ak fanmi ou ta dwe prepare nan ka yon dife eklate:

- Achte epi kenbe yon bon jan kalite detektè lafimen ak monoksid kabòn an bon eta.
- Enspekte kay ou an pou elimine oubyen kontwole ris dife yo.
- Enstale omwen ekstenktè dife tip A-B-C ki peze 5 liv nan kay la epi montre manm fanmi ou kòman pou yo itilize yo.
- Etabli yon wout evakyasyon ki byen planifie ak tout fanmi an.
- Fè pratik ak egzèsis ensandi jiskaske tout moun nan fanmi an byen konprann plan an nèt.

- Si ou gen yon kay ansyen, fè yon elektrisyen kalifye tcheke fil kouran yo pou asire yo respekte kòd konstriksyon aktyèl yo.
- Fè netwaye ak enspekte chemine ak fwaye dife ou chak ane pou akimilasyon kreyozòt, fant, blòk k ap tonbe oubyen mòtye ak lòt blokaj.
- Kenbe espas estokaj yo pwòp ak byen ranje.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.
- Konsève disòlvan ak netwayan enflamab lwen sous chalè. Pa JANM kenbe gazolin anndan kay la.
- Enspekte alonj elektrik pou fil ki grate oubyen fil ki dekale oubyen plòg ki lach.

### **Antretni ak enspekte aparèy chofaj kay yo**

Lè espesyalis ki kalifye fè antretyen ak enspeksyon anyèl apwopriye pou ponp chofaj, founo, aparèy chofaj, recho a bwa oubyen chabon mineral, fwaye dife, chemine ak koneksyon chemine, sa ka ede anpeche dife ak sove lavi. Swiv enstriksyon fabrikan an pou enstalasyon, vantilasyon, alimantasyon, antretyen ak reparasyon. Revize manyèl pwopriyete a pou asire ou sonje fonksyonnalite pou operasyon ak sekirite yo.

**Aparèy chofaj yo** - Kenbe aparèy chofaj nan yon distans omwen 3 pye de mèb, tretman fenèt, dra, rad, kapèt ak lòt konbistib yo. Evite itilize alonj ak aparèy chofaj elektrik. Toujou etenn aparèy chofaj yo anvan ou kite chanm lan oubyen anvan w al dòmi.

**Aparèy pou Brile Kabiran** - Enspekte sistèm pou fèmen an ak mèch la pou wè si I fonksyone kòmsadwa. Ranpli tank lan ak kabiran ki fre. Kite aparèy chofaj la refwadi anvan ou remete kabiran. Lè ou mete kabiran nan yon aparèy chofaj ki cho sa ka deklanche yon dife danje.

**Aparèy pou Brile Bwa ak Fwaye Dife** - Pa brile fatra nan recho bwa oubyen chemine a. Brile sèlman bwa di ki byen sèch. Asire ou dife ou fè a se mezi fwaye a oubyen fou a, pa mete twòp. Asire recho pou bwa enstale omwen 36 pou s lwen mi an. Kenbe materyèl konbistib byen lwen fwaye a, recho ak chemine. Kenbe zòn otou yo an pwòp. Toujou itilize yon ekran fwaye pou evite ekla pa kite fwaye a epi deklanche yon dife. Pa janm kite yon dife kan san moun pou kontwole I.

**Chemine**- Akimilasyon kreyozòt se premye koz ensandi chemine. Yon chemine ki sal, bloke oubyen andegraba ka limite ventilasyon apwopriye lafimen anndan tiyo chemine an epi sa ka lakoz yon dife chemine. Prèske tout ensandi rezidansyèl ki lye ak chemine, nou ka evite yo. Lè yon moun kalifye fè baleyaj chemine a anyèlman, sa ka anpeche dife ak anpwazònman monoksid kabòn.

**Sann** - Pa kite anpil sann akimile nan recho pou bwa ak fwaye. Lè anpil sann akimile, sa anpeche lè a byen sikile, ki nesesè pou konbistyon. Lè w ap retire sann, itilize yon resipyen an metal ak yon kouvèti ki byen chita. Toujou plase sann nan yon espas deyò lwen estrikti yo. Sann ki parèt frèt ka genyen chabon k ap brile ki ka deklanche yon dife.

## **Monoksid Kabòn**

- Monoksid kabòn pwodwi tout kote kabiran ap brile e li se premye koz lanmò aksidantèl lye ak anpwazònman nan Etazini.
- Monoksid kabòn se yon asasen ki pa gen odè, ki pa gen gou, ki envizib epi SEL fason pou ou detekte li se gras ak yon alam monoksid kabòn.
- Alam monoksid kabòn gen pri ki soti nan 20 dola pou rive 50 dola sa depann de fonksyonnalite adisyonèl yo.
- Sentòm anpwazònman ak monoksid kabòn genyen ladan yo, somnolans, tèt fè mal ak toudisman.
- Si ou sispèk ou gen anpwazònman ak monoksid kabòn, ayere kote a epi ale lopital.

## **Lòt Ti Konsèy Sekirite pou Move Tan**

- Asire ou yo tcheke chemine ak vantilasyon pou blokaj, kwozyon, ak koneksyon ki lach.
- Ouvri tiyo chemine a nèt lè w ap itilize fwaye yo.
- Itilize kabiran apwopriye nan aparèy chofaj yo.
- Pa janm brile chabon oubyen fè babekyou anndan yon kay oubyen yon espas fèmen.
- Pa janm itilze ekipman kan ki pòtatif pou brile kabiran anndan yon kay, garaj, oubyen vezikil.
- Pa janm kite yon machin ap fonksyone anndan yon garaj ki atache, menm si pòt garaj la rete louvri.
- Pa janm itilize aparèy pou brile kabiran nan pyès chanm kote moun ap dòmi.
- Pa janm itilize fou kwizin lan pou chofe yon kay.
- Pa janm fè fonksone yon jeneratris a gaz anndan yon garaj, sousòl, oubyen tou pre pyès ekstansyon nan kay la. Kenbe li a yon distans.

## **Kondi nan Sezon Ivè**

Aksidan transpò yo se kòz prensipal lanmò ak blesi pandan tanpèt ivènal yo.

Anvan ou chita dèyè volan, pa blyie retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekrè kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pran plis prekosyon lè w ap kondi epi sonje pil nèj yo ka gen timoun ki pi piti yo anba yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta

yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwochè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesesè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè wap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrè.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòme sekouris yo sou kote ou ye.
- Asire ou ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan ou ap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak nèj.
- Planifye arè yo epi kenbe distans ant machin yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)